

MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT: 25 Mai 2022

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat mercredi 25 mai 2022. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

25 Mai 2022

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
6 665 \$	2022	Pwogram Tès GED/HiSet yo	Nouvo	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Nan Tout Distri a
16 000 \$	2022	Sèvis Konplè nan Sante Eskolè	Ogmante	Lucrecia Rodriguez	Sèvis Sante	Nan Tout Distri a
313 554 \$	2022	ARP IDEA Ti Anfans (FC 264)	Nouvo	Nadine Ekstrom	Edikasyon Espesyal	Nan Tout Distri a
339 707 \$	2022	Soutni Aprantisaj Sosyo Emosyonèl, Sante Konpòtmantal ak Mantal ak Byennèt Elèv yo (FC311)	Nouvo	Farah Assiraj	Sistèm Sipò a Plizyè Nivo	Nan Tout Distri a
280 000 \$	2022	Inisyativ Teknik Karyè	Nouvo	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park Technical Vocational HS
955 926 \$		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22120

Non Sibvansyon: Pwogram Tès GED/HiSet yo

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Sibvansyon Non-Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Jiyè 2021- 30 Jen 2022

Sous Finansman: Fon Eta 850

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: **Michael A. Farma, M Ed.**
Espesyalis nan Ekivalans Etid Segondè
W 781-338-3836 | **F** 781-338-3089
michael.farma@doe.mass.edu
Depatman ESE
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Ansèyman pou Adilt ak Sèvis Kominotè
Boston Central Adult High School

Jesyonè Fon BPS: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal Depatman Ansèyman pou Adilt

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal Depatman Ansèyman pou Adilt

Montan Anyèl Pri a 6 665\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 500+tès ki administre pou 200 elèv

Sit: Ministè Edikasyon pou Adilt

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Okenn

Deskripsyon Sibvansyon

Objektif sibvansyon sa se pou soutni fonksyònman Sant Tès Ekivalans Lekòl Segondè (HSE) ki gen ladan l men ki pa limite ak, frè administrasyon tès la, bezwen espesyal yo, ak renouvèlman teknoloji yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~100% nan sibvansyon an se pral achte ekipman òdinatè pou renouvle oubyen ranplase ekipman ki kraze yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Nan Ane Fiskal 2022 a, BPS pral renouvle laboratwa enfòmatrik avèk 5 òdinatè biwo, ak 7 ekran pou prepare relouvèti a nan Ane Fiskal 2023.

Endikatè: Nouvo Òdinatè yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22606

Non Sibvansyon: Sibvansyon Sèvis nan Sante Eskolè Konplè
Estati: Nouvo
Tip Sibvansyon: Konpetitif
Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Jiyè 2021 – 30 Jen 2022
Sous Finansman: Eta
Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Juliet Sithole-Berk (She/Her/Hers)
Kowòdonatè Sèvis Sante Eskolè yo
Depatman MA Sante Piblik
Divizyon Timoun/Adolesan ak Sante Repwodiktif
250 Washington Street, 5th floor Boston, MA 02108
Imèl: Juliet.Berk2@Mass.Gov
Telefònik: 781-540-6095 | Mobil: 781-540-6095

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sèvis Sante Eskolè yo

Jesyonè Fon BPS: Lucrecia Rodriguez, Jesyonè Pwojè, Sèvis Sante

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Djenny Lobo Lopes, Direktè Prensipal, Biwo Sèvis Sante

Montan Anyèl Pri a 400 000\$

Ogmante 16 000 \$

Total ki Akòde Ane sa 416 000.00 \$

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: tout elèv nan distri lekòl la

Sit: Boston Echèl Lekòl la: 46 169¹

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Depatman Sante Piblik Massachusetts

Deskripsyon Sibvansyon

Sibvansyon Sèvis Sante Lekòl Konplè yo (CSHS) Sibvansyon vya Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) pral itilize pou diminye absanteyism elèv yo ki afekte pa maladi kwonik yo vya devlopman itilizasyon yon apwòch jesyon ka enfimye yo pou soutni elèv yo, ki gen ladan l idantifye elèv yo, kreye divès plan sipò, swiv pwotokòl/pwogram lekòl la, elatriye. Sibvansyon an ofri tou finansman pou yon Konsiltan Rejyonal pou founi konsiltasyon espesyalis nan sèvis sante lekòl yo, epi pataje pi bon pratik yo nan distri lekòl yo, (piblik, prive, ak chat), nan rejyon Metro- Boston (defini pa MA DPH kòm Boston, Chelsea, Revere, Winthrop ak Brookline).

¹ Depatman Ansèyman Primè ak Segondè Massachusetts, Pwofil Lekòl ak Distri yo, Boston (00350000).

<https://profiles.doe.mass.edu/general/general.aspx?topNavID=1&leftNavID=100&orgcode=00350000&orgtypecode=5> te konsilte 10/05/2022.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Pt I: Pou 1 000 000 \$ (250 000 \$ ane lekòl pandan 4 ane yo)

- Salè pou 1.5 Enfimiyè Resous Jesyon Ka yo pou Sèvis Sante Lekòl yo (ki antrene enfimiyè yo pou soutni maladi kwonik yo) plis avantaj
- kat alokasyon enfimiyè ak de alokasyon pwofesyonèl sante pou soutyen teknik enfimiyè yo
- pèman pou enfimiyè ranplasan
- devlopman pwofesyonèl pou enfimiyè yo (espas, oratè yo, elatriye.)
- teknoloji (laptòp pou enfimiyè pou aksede ak SNAP, dosye medikal elektwonik)

Pt 2: Pou 600 000 \$ (150 000 \$ ane lekòl pandan 4 ane yo)

- salè ak avantaj, vwayaje, ekipman, devlopman pwofesyonèl pou yon Konsiltan Rejyonal pou bay konsiltasyon espesyalis nan sèvis sante lekòl yo epi pataje pi bon pratik nan distri lekòl yo nan rejyon

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Dosye sante pou elèv ki gen dyabèt yo pral estandatize nan distri a nan fen Ane Fiskal 2019-2020. Nou pral mezire sa alèd de karakteristik nan dosye medikal elektwonik nou an, SNAP.

Endikatè: Pousantaj dosye sante pou elèv ki gen dyabèt yo ki respekte pratik nòmalize yo avan ak aprè ankadreman ak pèfeksyonman pwofesyonèl nouvo Enfimiyè Resous Jesyon Ka yo ofri.

Objektif #2: Kantite elèv ki gen dyabèt avèk Plan Sante Endividyèl (IHPs) konplè yo pral ogmante pa 20% nan Ane Fiskal 2019-2020. Nou pral mezire sa alèd de karakteristik nan dosye medikal elektwonik nou an, SNAP.

Endikatè: Kantite IHP pou elèv ki gen dyabèt yo avan ak aprè ankadreman ak pèfeksyonman pwofesyonèl ke nouvo Enfimiyè Resous Jesyon Ka yo ofri.

Non Sibvansyon: ARP IDEA EARLY CHILDHOOD FC264

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/09/2021- 30/06/2023

Sous Finansman: Federal - Lwa Plan Sekou Ameriken (ARP) Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape yo (ART IDEA)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Depatman Ansèyman Primè ak Segondè Massachusetts

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant St, Malden, MA 02148

Telefòn moun k ap sibvansyone a: [\(781\) 338-3000](tel:(781)338-3000)

Imel moun k ap ede a: julia.b.foodman@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Edikasyon Espesyal

Jesyonè Pwogram BPS la: Nadine Ekstrom

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: [Nadine Ekstrom](#)

Montan Anyèl Pri a Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): **313 554 \$**

Opsyon pou Repò a: Pa Aplikab

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 1,223 elèv

Sit: Timoun andikape paran yo te plase yo nan lekòl prive pou laj 3 a 5 an ansanm ak lekòl piblik BPS k ap desèvi elèv ki andikape yo soti nan laj 3 rive 5 an yo.

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Sibvansyon sa konsantre espesyalman sou gwoup laj sa. Lekòl piblik yo rekòmande pou soutni yon pòsyon finansman sa pou elèv ki plase nan lekòl prive yo ki bezwen sèvis ansèyman espesyal yo.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo(si genyen): Okenn

Priyorite yo: Akòz de pandemi an, Boston te konnen yon afliks referans nan pwogram ESY a epi pral dwe fòse li pou elaji pwogramasyon epi founi plis resous pandan mwa lete pou elèv yo. Boston pral itilize finansman pou founi divès opòtinite devlopman pwofesyonèl ak estaf la pou abòde pèt aprantisaj la epi rete ekipe avèk zouti fondamantal ki nesèsè pou soutni popilasyon elèv ki pi vilnerab yo. Anplis de sa, finansman sa pral itilize tou pou founi teknoloji ak founiti pou lekòl yo pou soutni elèv yo nan salklas ki te fè regresyon sibstansyèl akòz de emèjans COVID-19 la. An dènye, Boston te wè yon ogmantasyon referans nan divès pwogram andeyò distri a pou elèv yo, finansman sa pral itilize pou amelyore resous yo pou referans sa yo.

Objektif: Distri yo resevwa finansman sa pou soutni sèvis ki pèdi pandan COVID-19 la. Objektif sibvansyon sa se pou soutni responsabilite BPS nan travay sa.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Sèvi timoun ki andikape ki gen laj 3 a 5 an ki elijib yo, nan ofri yo yon ansèyman espesyalize ansanm ak sèvis konèks ke yo jije esansyèl pou reyisit timoun nan aktivite ki adapte ak devlopman yo;

Endikatè: Finansman pral alwe pou founi ak pèsonèl la aksè pou devlopman pwofesyonèl wot kalite pou pi byen soutni elèv ki nan laj 3-5 an yo. Anplis, materyèl ak resous pedagogik yo pral achte pou ekipe salklas ti anfans yo divès resous ki fondamantalman apwopriye pou konsève aprantisaj pandan tout lavi a pou yon tranzisyon reyisi. Sa pral soutni tou aktivite idantifikasyon Ti Anfans nou yo ak pèsonèl sipò evalyasyon nou yo. Dènyèmman, finansman sa pral soutni aksè ak ESY pou aprenan prekòs yo.

Objektif #2: Asire ke sèvis ak sipò yo disponib pou timoun andikape ki kalifye yo, ki gen laj 3 rive 5 an, ki adapte ak devlopman epi ki espesyalman konsevwa pou 3 a 5 ane; Founi sèvis ak sipò ansèyman espesyalize an akò avèk IDEA ak lwa e règleman sou Edikasyon Espesyalize nan Massachusetts; Asire ke timoun piti yo gen disponib pou yo yon edikasyon piblik gratis ak adapte (FAPE) ki mete aksan sou edikasyon espesyal ansanm ak sèvis konèks yo ki konsevwa pou reponn ak bezwen inik pa yo epi prepare yo pou pouswiv etid pa yo; Soutni timoun piti ki andikape yo, nan laj 3 a 5 an, nan anviwònman enklizif ak natirèl; Asire ke dwa timoun ki andikape yo ansanm ak paran pa yo pwoteje; Ede ajans lokalite yo ak sèvis edikasyon yo ofri edikasyon pou tout timoun ki andikape; Evalye ak asire efikasite efò yo pou edike timoun ki andikape yo.

Endikatè: Finansman pral alwe pou founi ak pèsonèl la aksè pou devlopman pwofesyonèl wot kalite pou pi byen soutni elèv ki nan laj 3-5 an yo. Anplis, materyèl ak resous pedagogik yo pral achte pou ekipe salklas ti anfans yo divès resous ki fondamantalman apwopriye pou konsève aprantisaj pandan tout lavi a pou yon tranzisyon reyisi. Sa pral soutni tou aktivite idantifikasyon Ti Anfans nou yo ak pèsonèl sipò evalyasyon nou yo. Dènyèmman, finansman sa pral soutni aksè ak ESY pou aprenan prekòs yo.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman [Angajman Vizyon Estratejik 20/25](#) ak Priyorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

1. Elimine Eka opòtinite ak reyisit yo.
2. Teyori aksyon: Si nou bay tout elèv sa yo bezwen, pran konfyans fanmi yo ak genyen bonjan relasyon avèk yo, moun nan kominote yo, ak moun ki gen enterè yo atravè angajman ototantik epi pataje lidèship, livre ekselan sèvis a elèv yo ak fanmi yo, epi bay edikatè yo ak pèsonèl yo devlopman pwofesyonèl ak atant ki klè... ANSWIT n ap vin yon distri k ap pèfòme nan nivo ki wo, premye distri nan nasyon an, ki konble tout lakin ak amelyore rezilta lavi chak elèv.
3. Priyorite yo: 2.8 Reyalize yon plan devlopman pwofesyonèl konplè nan tout distri a pou parapwofesyonèl yo, pwofesè, konseye, ak lidè biwo santral ak lidè lekòl yo pou devlope kapasite ak ekspètiz pou chanje avni elèv yo jan sa dekri nan plan sa a.

Non Sibvansyon: FY2022: Soutni Aprantisaj Emosyonèl Sosyal Elèv yo, Sante Konpòtmantal a Mantal, ak Byennèt atravè Sistèm Sipò a Plizyè Nivo (Sibvansyon SEL & Sante Mantal)

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 26 Janvier 2022- 30 Juin 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Chris Pond
Adrès: 75 Pleasant St, Malden, MA 02148
Telefòn: 781- 338-3611
Imèl: christine.a.pond@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sèvis Sante Konpòtmantal & Biwo Sante ak Byennèt

Jesyonè Pwogram BPS la: Farah Assiraj, Direktè Akademik Adjwen

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Andria Amador, Direktè Prensipal Sante Konpòtmantal Jill Carter, Sirentandan Adjwen

Montan Anyèl Pri a
Kategori A 90 680\$
Kategori B 150 000\$
Kategori C 99 027\$
TOTAL: 339 707\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 53 094

Sit: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Trinity Boston Connects

Deskripsyon Sibvansyon

Objektif pwogram sibvansyon konpetitif ki finanse pa Eta ak gouvènman federal la se pou adapte, elaji, oubyen ranfòse sistèm sipò plizyè nivo pou reponn ak bezwen sante sosyo emosyonèl ak konpòtmantal elèv yo, fanmi yo ak edikatè yo epi pou konstwi yon patenarya ki solid avèk ajans sante mantal nan kominote a ak/oubyen founisè yo. Atravè inisyativ objektif sa, yo pwopoze distri k ap patisipe yo pou priyorize ekite rasyal ak responsabilite kiltirèl, entèvansyon ak sipò ki baze sou prèv, ak sistèm ak patenarya dirab nan sa ki konsènen sante emosyonèl ak konpòtmantal elèv yo, pèsònèl la ak fanmi yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye Pou :

Kategori A.

- ~67 % **Alokasyon pou Kado Patisipan Gwoup Konsantrasyon yo.** Yo pral mennen gwoup konsantrasyon yo avèk manm elèv ak manm fanmi yo pou kolekte fidbak sou pwosesis depistaj ak repons pwotokòl iltim ak “Kesyon 24”. Anplis, yo pral kondui gwoup konsantrasyon yo avèk pwofesè yo ansanm ak pèsònèl lekòl la pou kolekte fidbak sou depistaj ak pwotokòl repons "Kesyon 24".
- ~0.2% **Sèvis Transkripsyon yo.** Sèvis transkripsyon yo pral itilize pou transkri anrejistreman gwoup konsantrasyon yo pou yon analiz done konplè ak sistematik.
- ~ 4% **Alokasyon pou Sikològ Lekòl ki Baze nan Lekòl yo.** Sikològ lekòl baze nan lekòl yo pral resevwa yon ti alokasyon pou soutni travay ki rekòmande pou kowòdone ak fasilite gwoup konsantrasyon yo.
- ~10% **Alokasyon pou Pòs Responsab Analiz Done ak Devlopman Pwotokòl Biwo Santral la.** Nou pral rekrute yon sikològ pou okipe li de travay alokasyon soutyen ak administrasyon gwoup diskisyon an, analize done divès depistaj ak gwoup diskisyon yo ak elaborasyon yon pwotokòl repons.
- ~18% **Alokasyon pou Manm Ekip Devlopman Pwotokòl yo.** Yo pral rekrute yon gwoup 8 pèsònèl lekòl entèdisiplinè pou sèvi nan ekip Devlopman Pwotokòl avèk pozisyon alokasyon Biwo Santral la.

Kategori B.

- ~ 84% **Jesyonè Pwogram MTSS la.** Avèk finansman sa, nou pral rekrute yon Jesyonè Pwojè MTSS pou soutni aktivite kategori B yo, kowòdinasyon plizyè depatman avèk gwoup travay entèdepatmantal MTSS Distri a ak pou devlope yon Distri SST ak sistèm repons pou lekòl yo.
- ~16% **Antreprenè a dwe elabore yon plan pou yon platfòm MTSS anliy pou lekòl yo.** 24 416 \$

Kategori C.

- ~20% **Alokasyon pou Pòs Katografi Resous Biwo Santral yo ak Devlopman Baz Done yo.** Yo pral rekrute yon sikològ lekòl oubyen travayè sosyal pou pòs alokasyon ki pral gen responsab pou kreye yon baz done resous kominotè adapte ak kilti yo pou elèv yo ak fanmi yo.
- ~80% **Finansman pou yon Patenarya nan Lekòl Kominote MH a Tan Pasyèl.** Majorite finansman pral itilize pou finanse yon patnè sante mantal kominotè pou lekòl sa yo ki pa genyen okenn patnè sante mantal kominotè yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Kategori A.

Objektif #1: Devlopman yon pwotokòl inivèsèl distri pou repons ak swivi apwobasyon otomitilasyon elèv yo sou filt BIMAS disi fen ane lekòl 2021-22 pou mizannèw pwochèn ane lekòl la.

Endikatè:

- Pwotokòl devlope
- Pwotokòl ki distribiye nan lekòl yo
- Nòt ak pwosè vèbal reyinyon Komite Devlopman Pwotokòl yo nan chak reyinyon
- Sistèm jesyon pwojè sibvansyon (itilize pou swiv pwogrè chak etap travay sibvansyon yo)

Kategori B.

Objektif #1:

Endikatè: Devlope yon sitwèb nan echèl sistèm nan ak divès resous pou lekòl yo, edikatè yo, ak fanmi yo sou mizannèw MTSS Ekitab nan Lekòl Piblik Boston yo. Koleksyon final chak sèvis nan plizyè nivo ak aprantisaj pwofesyonèl chak depatman pral itilize pou kreye yon nouvo sitwèb BPS-MTSS ki pral lanse lete sa epi ofri distri a an antye aksè ak endikatè swivan yo:

- Meni ak Plizyè Nivo Pwogram yo/Sèvis pa Depatman
- Meni ak Plizyè Nivo Aprantisaj Pwofesyonèl pa Depatman ak Kalandriye Enteraktif
- Mizannèw MTSS ak Konsèy Ekip Reyisit Elèv yo Pou Lekòl yo
- Gid Done nan Nivo Lekòl ak Elèv pou Lekòl yo
- Patnè Kominotè ak Resous pou SEL/Sante Mantal ak Resous pou Espas/Pratik Gerizon yo

Kategori C.

Objektif #1: Devlopman yon baz done avèk divès resous kominote a ki adapte ak kilti pou elèv yo ak fanmi yo disa fen ane lekòl 2021-22 a.

Endikatè:

- Resous ki kolekte ak ebèje nan Dosye santral Sibvansyon Google Drive
- Resous egzamine, verifye ak òganize pou aksesibilite
- Resous pataje avèk fanmi yo vya bwochi/sitwèb/bilten/lòt resous
-

Objektif #2: Founi divès sèvis/sipò sante mantal ak elèv yo avan fen ane lekòl 2021-2022.

Endikatè:

- Orè sèvis sante mantal/sipò ki ofri
- Fòmilè konsantman elèv yo te resevwa
- Done sou Patisipasyon (# elèv ki asiste seyans lan)
- Kòmantè elèv (ankèt sou eksperyans sèvis/soutyen nan sante mantal)

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Kategori A.

Gwoup konsantrasyon pral pèmèt elèv yo, paran yo, ak pèsonèl lekòl la pou founi kòmantè sou pwosesis depistaj ak nan devlopman pwotokòl repons yo (Angajman 3. Anplifye vwa yo)

Kategori B.

Gwoup konsantrasyon pral pèmèt elèv yo, paran yo, ak pèsonèl lekòl la pou founi kòmantè sou pwosesis depistaj ak nan devlopman pwotokòl repons yo (Angajman 3. Anplifye vwa yo)

Ofri divès sèvis sante mantal kominotè ak lekòl ki kapab ede nan etabli divès relasyon ant lekòl yo ak founisè sante mantal kominotè yo (Angajman 6. Aktive divès patenarya)

Kategori C.

Ofri divès sèvis sante mantal kominotè ak lekòl ki kapab ede nan etabli divès relasyon ant lekòl yo ak founisè sante mantal kominotè yo (Angajman 6. Aktive divès patenarya)

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

Sibvansyon an te ekri kòm yon inisyativ kolaboratif entèdepatmantal divize pa kategori sibvansyon (kategori, A, B, ak C). Depatman Sante Konpòtmantal yo kondui kategori pwojè A ak C yo epi Biwo Sante ak Byennèt kondui Kategori B yo.

Non Sibvansyon: CommCorp: Inisyativ Teknik Karyè

Estat: Ane 1 ak 2

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021 rive 30/08/2023 (Sa se yon kontinyite ak yon restriktirasyon yon ansyen sibvansyon reminerasyon pou randman)

Sous Finansman: Commonwealth Corporation

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Jess Saenz, Jesyonè Prensipal Pwogram nan

Telefòn: 857-273-1818

jsaenz@commcorp.org

2 Oliver St, Boston, MA 02109

<https://commcorp.org/program/career-technical-initiative/>

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Fon BPS: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio, Direktè Prensipal

Montan Total Ki Akòde: 520 000\$: 240 000\$ (Ki Apwouve Avan sa Pa Komite Lekòl la nan dat 06/10/21)

Demann Kounye a fon ki Rete yo 280 000 \$

Montan Aktyèl ki Atribiye **280 000 \$**

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv: 28 Automotive, 28 Carpentry, 10 HVAC, 10 Welding =76 students

Sit: Depatman Edikasyon pou Adilt/Boston Central Adult High School ki nan Konplèks Bilding Madison Park Technical/Vocational High School la

Deskripsyon Sibvansyon

Career Technical Initiative vize pou reponn ak bezwen pèsistan mendèv kalifye nan sektè pwodiksyon yo, metye ak fabrikasyon. Commonwealth Corporation administre fon sa yo nan espwa pou elimine eka konpetans enplwaye yo ap fè fas nan ofri ak jèn ak adilt yo opòtinite pou resikle tèt yo pou divès pwofesyon kalifye, konsa tou pou transfòme lekòl segondè yo ki fonksyon twa ka pa jou pou pote plis elèv lekòl segondè ak adilt nan pwogram nan.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Objektif la pral itilize pou peye pou yon direktè CTI, yon espesyalis sipò elèv a tan pasyèl, yon sipò administratif, avantaj sosyal pou anplwaye salarye yo, divès kontra ak alokasyon pou anseyan fòmasyon pwofesyonèl la k ap travay aprè lè klas yo, divès founiti biwo ak fòmasyon, divès òdinatè, divès lese pase bis ak lòt mezi ensitatif pou elèv yo (zouti, bòt, linèt sekirite, elatriye).

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1²: Disi 28 Fevriye 2023, ven uit (28) elèv nan otomobil pral swiv kou konplè a epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 250 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #2: Disi 30 Out 2023, venn kat sou 28 elèv pral jwenn anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pandan 6 mwa aprè fen pwogram nan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè oubyen fich pèman.

Objektif #3: Disi 28 Fevriye 2023, ven uit (28) elèv nan chapantye pral swiv kou konplè a epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 250 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #4: Disi 30 Out 2023, venn kat sou 28 elèv nan chapantye pral jwenn anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pandan 6 mwa aprè fen pwogram nan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè oubyen fich pèman.

Objektif #5: Disi 1 Jiyè 2022, dis elèv HVAC pral konplete kou konplè a epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 250 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #6: Disi 31 Janvyè 2023, uit sou 10 elèv HVAC pral jwenn anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pandan 6 mwa aprè fen pwogram nan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè oubyen fich pèman.

Objektif #7: Disi 1 Jiyè 2022, dis elèv nan fewónri pral konplete kou konplè a epi pral jwenn diplòm endistri konèks yo.

Endikatè: Achèvmman 250 èdtan ak nòt pasaj sou OSHA 10 ak Hotworks.

Objektif #8: Disi 31 Janvyè 2023, uit sou 10 elèv nan fewónri pral jwenn anplwa nan yon endistri ki lye ak travay pandan 6 mwa aprè fen pwogram nan.

Endikatè: Lèt afimasyon anplwayè oubyen fich pèman.

Aliyman Plan Estratejik

Objektif sa yo lye ak Objektif Estratejik Nimewo En BPS la: Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reyisit. Nan ede rezidan adilt Boston yo resevwa diplòm lekòl segondè yo oswa nan ede yo aprann Anglè, Edikasyon pou Adilt BPS la desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki te sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan lekòl la ak andeyò lekòl la.
